

**SASTRA LISAN**

**PUISI MANTRA**

# Wangenan Mantra

---

Mantra asal kecapna tina basa Sangsekerta nu hartina jampé (Kamus Umum Basa Sunda,1990:304).

Nilik kana wangunna mantra téh mangrupa puisi (wangun ugeran) anu buhun. Najan teu matok aturanana atawa teu ditangtukeun *guru laguna* (sora dina engang panungtung), *guru wilanganana* (jumlah engang dina unggal padalisan), jeung jumlah padalisan dina unggal padana. Ugeran atawa aturan puisi téh bakal karasa upama geus dibaca atawa dipapatkeun. Dina éta mantra aya wirahma jeung purwakanti, nepi ka ngareunah diunikeunana.

# BASA JEUNG EUSI DINA PUISI MANTRA

---

Basa nu dipaké dina mantra Sunda lolobana basa Sunda. Tapi réa ogé nu dicampur atawa diuwuhan ku basa séjén, misalna basa Kawi, Sangsekerta, Jawa, Arab atawa basa Indonesia.

Eusi puisi mantra naon-naon anu digambarkeun atawa dicaritakeun ku téks mantra, naha kalakuan, sifat, gagasan, ide, harepan jeung nu lianna.

# Purwakanti Puisi Mantra

---

M.A. Salmun (1958:28) nétélakeun yén purwakanti asal kecapna tina *purwa* nu hartina mimiti, jeung *kanti* nu hartina bareng. Jadi, harti saujratna purwakanti téh mimiti bareng. Dina ungkara-ungkara nu maké purwakanti, kecap, engang, sada, sora atawa aksarana sok loba nu sarua atawa méh sarua antara nu ti heula jeung nu pandeuri. Ari pernahna, bisa ngarendeng, ngajajar, *horizontal* (sajajar, sapadalisan), bisa oge ngaruntuy, *vertikal* (antar jajaran, antar padalisan). Ku lantaran kitu, nilik pernahna mah purwakanti téh dibagi dua golongan, nya eta purwakanti rantayan (ngajajar), jeung purwakanti runtuyan (ngaruntuy).

# Kamekaran Puisi Mantra dina Kapercayaan Masyarakat Sunda

---

Ayana mantra bisa disebutkeun geus lila lantaran ieu sastra téh geus disebut-sebut dina naskah ***Sanghyang Siksa Kandang Karesian***, nu unina:

*Hayang nyaho di sakwéh ning aji mantra ma: jampa-jampa, geugeui(ng), susuratan, sasaranaan, kaseangan, pawayagahan, pupusaan, susudaan, hurip-huripan, tu(n)duk iyem, pararasen, pasakwan; sing sawatek aji ma sang brahmana tanya.*

Upama niténan éta téks, jéntré yén baheula mah mantra téh dipimilikna ku Brahmana, jalma nu dianggap pangluhurna dina kasta. Éta kaayaan téh robah luyu jeung robahna kahirupan manusa. Kiwari mantra dipatalikeunana jeung dunya magis, dumasar kayakinan nu dianutna. Nu ngarana kayakinan atawa kapercayaan téh mangrupa hal nu kawilang pentingna sabab mantra bisa matih lamun nu ngagunakeunana bener-bener yakin kana hasiat jeung kakuatan éta mantra.

# Numutkeun Rusyana Tujuan digunakeun mantra:

---

- Pikeun ngawasa sukma nu lian (nu dipikacinta atawa dipikaceuceub).
- Sangkan diri pinunjul.
- Sangkan pada mikaasih ku ménak atawa dunungan.
- Sangkan sagala lampah pinareng jeung hasil atawa aya dina karahayuan.
- Sangkan nu maot sampurna.
- Sangkan kuat, bedas, awét ngora.
- Sangkan gedé sima jeung ludeungan.
- Sangkan salamet lembur, rajakaya, pepelakan jeung ingon-ingon.
- Sangkan rahayu diri tina rupa-rupa balai.
- Pakakas paranti mergasa nu lian.
- Sangkan pepelakan teu diganggu ku hama, sato galak, hujan angin.
- Paranti nyinglar jurig, kuntilanak, atawa lelembut lianna nu sok ngaganggu.
- Paranti ngambah alas nu sanget, numbal, muka pihumaeun atawa sanuk-sanuk nu ngamimitian digawé.
- Paranti nalukeun siluman-siluman.
- Paranti nolak gawé nu jail.
- Paranti ngaruwat.
- Paranti ari caah, hujan angin.
- Paranti munah impian goréng.
- Paranti nyampé nu gering, ngubaran nu sakit.
- Paranti nyampé nu kacilakaan.

# Papasingan Puisi Mantra

---

1. **Jangjawokan**
2. **Asihan**
3. **Ajian**
4. **Singlar**
5. **Rajah**
6. **Jampé**

# Jangjawokan

---

Mantra nu dipakéna nalika rék milampah hiji pagawéan. Anu dipalar sangkan pinunjul hasilna, tur anu ngalampahkeunana aya dina kasalametan atawa karahayuan. Biasana jangjawokan mah dipapatkeunana téh ditalar saupama rék leumpang, mandi, seuri, dangdan, dipupur jeung sajabana.

Conto

# Jangjawokan paranti nyeupah

---

*Seureuh seuri*

*Pinang nanggeng*

*Apuna galugat angen*

*Gambirna pamuket angen*

*Bakona galugé sari*

*Coh nyay, parupat nyay, loeko lenyay*

*Cucunduking aing taruk haréndong*

*Cucunduking aing taruk paku hurang*

*Keuna asihan awaking*

*Asihan si leugeut teureup*

# Asihan

---

Mantra nu dipakéna pikeun ngawasa atawa mangaruhan kana sukma nu lian, anu dipikacinta sangkan bogohéun jeung sangkan anu mapatkeun éta asihan pinunjul kakasépanana, nepi ka saréréa pada asih.

## Conto Asihan

# Siujung Tunggal jeung Batara Wisésa

---

*Allohuma hamad samna  
durané sit murnaputih Alah nira  
nya aing pangéran nu murmahamad  
Rosulullah sia masing beunang ku aing  
kamasir sia beunang ku aing  
palit panetep pagulet  
papuket sia reujeung aing  
nya aing asihan Batara Wisésa  
keuna bagal bagal keuna ku pirusa  
kamasir sia beunang ku aing  
kamasir sia beunang ku aing  
Palit panetep  
panetep, pagulet, papuket  
Sia reujeung aing  
nya aing asihan Batara Si Ujung Tunggal  
(sebut ngaran anu ditujuna ... ..)  
Ungkut ungkut singlalentuk  
congorang dua disada  
pang nepikeun ka si ... .. (pok sebut ngaranna)*

# Ajian

---

Mantra nu dipakéna pikeun meunangkeun kakuatan pribadi. Upamana waé sangkan gedé sima, ludeungan, bedas, weduk, awét ngora, jeung sajabana ti éta. Kitu deui karahayuan, ngajaga lembur, raja kaya, pepelakan jeung ingon-ingon.

# Conto Ajian pikeun meruhkeun sato galak

---

*Bismillahirrohmanirrohim  
maung pundung datang among  
badak galak datang depa  
oray laki datang numpi  
nya singa mangka di tengah  
ka kekep ka sikep  
kasima ku pariwasa  
wong sajagat kabéh*

.....

# Singlar

---

Mantra nu dipakéna pikeun nyinglar gangguan jurig, kuntilanak, lelembut, musuh, sasatoan nu galak, jeung hama nu sok sakirana ngaganggu ka manusa. Nu dipalar, sangkan aya dina kasalametan atawa karahayuan.

# Panyinglar beurit

---

*Si manyang si manyung  
manyung manyung sia  
ulah heureuy ulah badeur  
kana pagawéan kaula  
da manéh mah boga bagian  
di gunung bukit buligir putih  
dago dipondok Régo  
dago dipondok Régo*

# Rajah

---

Mantra nu dipakéna upama rék ngambah  
leuweung nu sanget, muka pihumaeun,  
rék nyicingan hiji tempat, nyieun  
babakan, rék migawé kai pibahaneun,  
nalukeun siluman-siluman, ngaruwat,  
nyampé nu gering, pamunah impian  
goréng, jeung sajabana.

# Rajah pamunah

---

*Bismillahirrohmanirrohim  
ina hérang  
ina lénggang  
ina bisésa  
bumi langit geus ngajadi  
nini akung gahung  
aki buyut gahung  
nu neureuy buana ini  
diteureuy pakénam-kénam  
acina raja pamunah  
munah kayu munah batu  
munah kalakay salambar  
munah kana sagala pagawéan domel*

# Jampé

---

Mantra nu dipakéna paranti  
nyageurkeun kasakit jeung kacilakaan,  
upamana baé lamun kabeureuyan,  
jéngkoleun, nyeri beuteung, hileudeun  
jeung sajabana.

# Jampé rieut

---

*Aki éngkang nini éngkang  
ulah ngéngkang tarang si ujang  
ngéngkang-ngéngkang dina batu beuneur  
cadas pasimpay rét simpay  
cadas pasimpay rét simpay*

